



Pou Piblikasyon Imedya: 16/04/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

"Byen bonè jodi a, yon gran jiri te rann piblik akizasyon penal kont ofisye koreksyon eta a yo anrapò ak lanmò Messiah Nantwi nan Etablisman Koreksyonèl Mid-State mwa pase a. Lanmò Mesye Nantwi a se yon trajedi epi nou eksprime pi pwofon kondoleyans nou bay fanmi li ak pwòch li yo. Mwen apresye anpil efò Pwokirè Espesyal William Fitzpatrick ak ekip li a pou rann prezime otè yo responsab.

An repons ak ensidan trajik sa a, mwen te mande Komisè DOCCS Daniel F. Martuscello pou l kòmanse pwosesis revokasyon pou tout moun ki enplike nan lanmò Mesye Nantwi. Kite m klè: etablisman koreksyonèl eta nou yo dwe san danje pou Ofisye Koreksyon yo, anplwaye sivil yo, popilasyon nan prizon yo ak kominote ki antoure yo. Nou te deja kòmanse aplike plizyè nouvo politik, tankou elaji itilizasyon kamera kòporèl ak pote ekspè pou yon etid kilti nan tout sistèm nan. Mwen pran angajman pou m travay avèk Komisè Martuscello ak ekip li a pou pwoteje sekirite ak byennèt chak moun ki nan yon etablisman DOCCS."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)